



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

KONSANTMAN pou konsiltasyon, obsèvasyon dirèk ak evalyasyon

Mwen bay konsantman pou timoun oswa timoun ki sou responsabilite legal mwen, _____, ki gen dat nesans li ki se _____ pou resevwa konsiltasyon, evalyasyon ak entèvansyon nan men Keiser University Multidisciplinary Center (KUMDC). Mwen konprann pèsonèl KUMDC a (li gen ladan l etidyan ki gradye ki sou sipèvizyon) ka obsève, evalye, oswa ankadre timoun mwen an nan lekòl li a. Epiou, l ap pale epi travay avèk pèsonèl lekòl la nan kad evalyasyon epi/oswa pwosesis konsiltasyon KUMDC a. Mwen konprann KUMDC ap pataje rezilta evalyasyon an avèk pèsonèl lekòl la.

Mwen konprann mwen p ap gen obligasyon pou m peye pou evalyasyon ak lòt sèvis KUMDC ofri yo. Si ekip evalyasyon KUMDC a ta sijere plis evalyasyon KUMDC pa kapab fè, epi mwen chwazi fè plis evalyasyon ki ale pi lwen pase sa KUMDC kapab ofri dirèkteman, mwen konprann, m ap responsab pou nenpòt frè sa koute.

Mwen konprann mwen kapab RETIRE KONSANTMAN sa a mwen bay la nèt oswa yon pati nenpòt kilè pou konsiltasyon, obsèvasyon dirèk ak evalyasyon pandan m ap voye yon avi alekri bay KUMDC nan adrès ki ekri nan fòm konsantman sa a. Mwen konprann lè m retire KONSANTMAN pou konsiltasyon, obsèvasyon dirèk ak evalyasyon an li pa retire DEKLARASYON NON RESPONSABILITE pou konsiltasyon, evalyasyon ak entèvansyon an.

Siyati paran oswa responsab legal

Dat

Non paran oswa responsab legal an lèt detache

Dat



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

Deklarasyon non responsabilite pou konsiltasyon, evalyasyon ak entèvansyon an.

Lè m ap konsidere konsiltasyon, evalyasyon ak entèvansyon ki site anlè a KUMDC ap bay pou konsèy ak nan non konsèy Keiser University san mwen pa oblije peye, mwen dechaje Eta Florida a, konsèy Administrasyon Keiser University, Keiser University, ak ajan, anplwaye ak manm ki site anwo a pou tout aksyon, rezilta aksyon, domaj, reklamasyon oswa demann, mwen menm, eritye, moun k ap egzekite testaman, administratè, oswa moun mwen asiye kapab fè kont nenpòt ak tout moun ki site anwo a pou nenpòt ak tou blesi pèsonèl, sa mwen konnen oswa mwen pa konnen. Li gen ladan l sa mwen genyen, oswa sa mwen ka genyen pandan m ap patisipe nan konsiltasyon, evalyasyon ak entèvansyon ki site yo, epi sou tout domaj sou byen mwen yo.

Mwen dakò dechaj ak akò renonsyasyon responsabilite sa a kouvri tout bagay alawonnbadè jan lalwa Florida pèmèt sa, epi si yo ta twouve nenpòt bagay ki pa valid, rès la ta dwe toujou gen tout fòs ak efè jiridik li.

Mwen te li epi mwen konprann dechaj ak renonsyasyon responsabilite sa a epi mwen konprann tout tèm li yo. M ap egzekite l ak tout volonte m epi avèk tout sa mwen konnen sou li.

Siyati paran oswa responsab legal

Dat

Non paran oswa responsab legal an lèt detache

Dat



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

Otorizasyon konsènan etid rechèch, mwayen kominikasyon ak itilizasyon nan kad edikatif sesyon ki anrejistre yo

Non timoun epi/oswa elèv la: _____ Dat nesans: _____

Patisipasyon nan pwojè rechèch:

Chèchè nan Inivèsite a ka mande paran epi/oswa responsab legal oswa pasyan ki majè a si yo enterese pou yo patisipe etid rechèch ki gen rapò ak pwoblèm yo a. Lè nou kontakte yo, n ap bay fanmi, responsab legal epi oswa elèv yo posibilite pou egzaminen enfòmasyon sou etid la nan lide pou konnen si y ap patisipe oswa si yo p ap patisipe nan etid la. **Ou pa gen obligasyon pou patisipe nan okenn etid rechèch, epi li p ap afekte sèvis y ap ofri timoun epi/oswa elèv la. Fanmi, responsab legal, oswa elèv ki pa vle yo kontakte yo konsènan opòtinite pou yo patisipe nan rechèch la kapab decide fè sa nenpòt kilè pandan y ap kontakte klinik la oswa pandan y ap tcheke deklarasyon anba a.**

Kominikasyon elektwonik ak enfòmasyon n ap bay ki gen rapò ak sèvis la:

Mwen bay Keiser University Multidisciplinary Center (KUMDC) of Keiser University, 1900 W. Commercial Blvd., Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309, otorizasyon pou li kominike avèk mwen atravè **imèl, telefòn (mesaj vokal epi/oswa mesaj tèks), epi/oswa pa faks** pou timoun epi/oswa elèv ki site anlè a. Mwen rekonèt KUMDC pa responsab pou kominikasyon ki pa gen sekirite.

Rekonesans pou anrejistreman sesyon yo (odyo ak videyo):

Anplis, Keiser University Multidisciplinary Center pa sèlman fè pwojè pou sèvis dirèk, li se yon sant fòmasyon k ap sèvi pou fiti pwofesyonèl nan sikoloji, terapi okipasyonèl, sikoloji klinik, swen enfimye, edikasyon, ak asistan doktè. Tout timoun epi/oswa elèv KUMDC ap wè pou evalyasyon ak sèvis entèvansyon dwe dakò pou nou fè anrejistreman videyo epi/oswa odyo sesyon yo. Pèsone l fakiltè a, pèsone l ak etidyan yo ka egzaminen anrejistreman yo nan kad plan entèvansyon epi/oswa sipò pou timoun nan, nan kad rechèch la, epi/oswa pou fasilite objektif pedagojik pou elèv yo nan sa ki gen rapò ak lekòl. N ap pwoteje enfòmasyon yo nan fason ki apwopriye nan sa ki gen pou wè ak vi prive ak konfidansyalite pou itilizasyon ak estokaj anrejistreman sa yo. Nou dekri otorizasyon espesifik konsènan anrejistreman yo anba a, epi chak fanmi epi/oswa responsab legal dwe siyen l, oswa timoun epi/oswa elèv ki majè kapab siyen l.

“Mwen konprann sa ki di anwo a, poutèt sa a mwen bay Keiser University ak Keiser University Multidisciplinary Center dwa pou li fè anrejistreman odyo ak videyo nan nenpòt ak nan tout faz pwosesis edikasyon an ak pwosesis koreksyon an. Epiou, yo kapab itilize anrejistreman odyo ak videyo a pou nenpòt sa ki gen rapò lejitim sou edikasyon oswa fòmasyon. Tout anrejistreman ak sa ki repwodui yo ap rete pwopriyete Keiser University Multidisciplinary Center. Anplis, mwen dakò nan ka kote Keiser University Multidisciplinary Center oswa moun li asiyen yo ta vin yon pati k ap defann nan yon konfli ak yon moun ki di, paske nou itilize anrejistreman odyo ak videyo, epi/oswa dokiman deskriptif oswa bann son yo yon fason ki lejitim, (OU MENM/NOU) dwe ba l garanti epi libere l ansanm ak moun li asiyen yo pou nenpòt jijman yo ka pwononse kont li oswa moun li asiyen yo.”

Siyati: _____ **Dat:** _____



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

Otorizasyon pou itilize oswa pataje Enfòmasyon Pwoteje sou Sante sou imèl oswa sipò elektwonik

Non timoun epi/oswa elèv la: _____ Dat nesans: _____

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen otorize pèsònèl Keiser University Multidisciplinary Center (KUMDC) pou li kominike

atravè:

- imèl
- odyo
- telekonferans videyo
- lòt sipò elektwonik oswa nimerik

avèk mwen, lòt pwofesyonèl enpòtan (tankou, pwofesyonèl swen sante, terape) ak pèsònèl lekòl, lè sa nesèsè, pou evalyasyon ak entèvansyon pou timoun mwen an.

NOTIFIKASYON sou ITILIZASYON oswa DIVILGASYON Enfòmasyon Pwoteje sou Sante atravè Kominikasyon ELEKTWONIK

Lèt pa imèl:

Kliyan epi/oswa reprezantan pèsònèl ki vle kominike avèk pèsònèl KUMDC pa imèl dwe konsidere pwoblèm sa yo anvan li siyen yon Otorizasyon Itilizasyon oswa Divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante atravè yon sipò elektwonik:

- Gen lòt moun ki kapab pataje, kenbe, enprime epi kenbe imèl ou voye bay Keiser University.
- Gen lòt pèsònèl ki pa pwofesyonèl swen sante a ki ka li epi travay sou imèl la.
- Kominikasyon pa imèl se yon bagay ki kapab itil, men li pa apwopriye pou ijans oswa kesyon sansib ki ijan.
- Nou pa dwe kominike pa imèl enfòmasyon ki sansib anpil oswa enfòmasyon pèsònèl (tankou, sitiyasyon VIH, maladi mantal, depandans chimik, ak pwoblèm ki gen rapò ak asirans pou Aksidan Travay)
- Jeneralman, anplwaye yo gen dwa pou yo gen aksè ak nenpòt imèl yon moun nan travay la resevwa oswa voye.
- N ap mete mesaj ak repons klinik enpòtan yo nan dosye klinik timoun ou an.
- Nou dwe defini enstriksyon sou kominikasyon ant klinisyen an ak fanmi epi/oswa responsab legal la, li gen ladan l (a) konbyen fwa n ap verifye imèl la, (b) Enstriksyon pou konnen kilè ak ki fason pou nou pase sou apèl telefòn ak vizit klinik, epi ki kalite tranzaksyon ki apwopriye pou nou fè sou imèl.
- Kontni mesaj imèl la dwe gen ladan l
 - (1) Sijè mesaj la nan liy sijè a, (tankou, demann referans epi/oswa randevou, elatriye)
 - (2) Idantifye yon fason ki klè timoun epi fanmi epi/oswa responsab legal la, li gen ladan l non timoun nan, nimewo telefòn, ak non fanmi epi/oswa responsab legal la anndan mesaj la.
- Keiser University p ap responsab pou enfòmasyon ki pèdi oswa nou voye yon move kote akòz erè teknik oswa echèk.
- Nou rekòmande pou nou ajoute deklarasyon konfidansyalite nan tout imèl ki pataje ant pasyan ak klinisyen yo:

NÒT: Kominikasyon sa a gen enfòmasyon ladan l ki pwoteje yon fason legal kont divilgasyon ki pa otorize. Si ou pa moun ki dwe resevwa enfòmasyon an, ou dwe konnen li entèdi fòmèlman pou pataje, distribiye oswa kopye kominikasyon sa a. Si se yon erè ki fè w resevwa mesaj sa a, ou dwe avèti moun ki voye l la tousuit nan telefòn oswa voye imèl la tounen epi efase mesaj sa a sou òdinatè w.

Konferans videyo ak odyo:

Fanmi epi/oswa responsab legal ak timoun epi/oswa epi/oswa reprezantan pèsònèl ki patisipe nan telekonferans avèk evalyatè epi/oswa ekip KUMDC a dwe konsidere tout pwèn sa yo anvan li siyen yon Otorizasyon Itilizasyon oswa Divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante atravè yon sipò elektwonik:

- Menm si videyo kote moun ap reyaji ak odyo konferans lan itilize ekipman ak liy kominikasyon Depatman Enfòmasyon Teknoloji Inivèsite a te apwouve, epi li te fè konnen ki san danje, nou pa kapab garanti yon konfidansyalite ak sekirite total kapital.
- N ap pale sou enfòmasyon pèsònèl ki enpòtan anpil pandan konferans lan.
- Lòt pèsònèl ki pa nan KUMDC ka gen aksè ak anrejistreman ak transmisyon telekonferans lan.
- Keiser University p ap responsab pou enfòmasyon ki pèdi oswa nou voye yon move kote akòz erè teknik oswa echèk.

Mwen konprann pèsònèl KUMDC ka itilize, pataje, epi kenbe kalite enfòmasyon pwoteje sou sante a apre kominikasyon an:

- Enfòmasyon ki gen rapò ak sante epi/oswa lekòl timoun epi/oswa timoun ki sou responsabilite legal mwen an ki gen nan imèl ak nan adrès imèl mwen;
- Imaj videyo oswa imaj elektwonik dyagnostik (radyografi IRM Eskanè CT), rezilta tèl laboratwa, rapò patoloji, ak lòt rezilta tèl dyagnostik si nou bay yo oswa si yo nesèsè.
- Anrejistreman videyo (son ak imaj) pati nan kò timoun mwen an ki ka gen ladan l vizaj li.

Mwen li epi mwen konprann Otorizasyon pou Kominikasyon Elektwonik lan, epi mwen dakò mesaj ki nan imèl ak telekonferans yo ka gen enfòmasyon sou sante ki pwoteje sou timoun epi/oswa timoun ki sou responsabilite legal mwen, lè sa nesèsè. Mwen konprann, selon lwa federal yo, Keiser University ka pa itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante m, sof sa ki di nan Avi Inivèsite a sou Pratik Pwoteksyon Vi Prive san otorizasyon m. Lè m siyen otorizasyon sa a li vle di mwen bay otorizasyon m pou yo itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje ki dekri anwo a. Nan moman sa, mwen retire nenpòt ak tout responsabilite Keiser University ak anplwaye li yo pou nenpòt sa ki ka rive apati enfòmasyon ki divilge, jan mwen te mande l la. Mwen konprann mwen genyen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt kilè. Si mwen vle retire otorizasyon sa a, mwen dwe fè sa a alekri epi mwen dwe voye l pou moun oswa enstitisyon ki site anwo a mwen te otorize pou pataje enfòmasyon yo. Mwen konprann si mwen retire otorizasyon sa a, li p ap aplike pou okenn enfòmasyon yo deja pataje nan kad otorizasyon sa a. Mwen konprann mwen kapab refize siyen Otorizasyon sa a. Epitou, mwen konprann enstitisyon oswa moun ki site anwo a pa kapab refize ofri sèvis si mwen pa dakò siyen otorizasyon sa a. Mwen konprann depi yo fin divilge enfòmasyon sa yo selon otorizasyon sa a, li posib pou lwa federal sou pwoteksyon vi prive nan kesyon medikal pa pwoteje l ankò. Epitou, moun oswa ajans ki resevwa l ka divilge l.

Otorizasyon sa a ap ekspire otomatikman nan moman Pa gen dat ekspirasyon. Lòt bagay _____
(Dat oswa evènman)

Siyati Paran oswa Responsab Legal: _____ Dat: _____

Relasyon li gen ak timoun epi/oswa pasyan an: _____ Adrès: _____



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

Otorizasyon KUMDC pou Konsève Dosye sou DIVILGASYON ENFÒMASYON – DOSYE LEKÒL

Non timoun epi/oswa elèv la: _____ Dat nesans: _____

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen konprann mwen otorize moun k ap konsève dosye yo oswa moun k ap konsève baz done yo deziyen an pou li itilize epi/oswa pou li divilge enfòmasyon konfidansyèl mwen yo, li gen ladan l enfòmasyon pwoteje sou sante (protected health information, PHI) (si li aplikab) dapre jan li defini nan 45 CFR 164.501. Ansanm ak règleman federal ki mete sou pye Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante a (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) nan lane 1996, jan yo dekri l bay moun oswa òganizasyon ki site anba a.

_____ ka pataje enfòmasyon avèk:

(non lekòl la)

Keiser University Multidisciplinary Center (KUMDC)
1900 W. Commercial Blvd., Suite 100
Ft. Lauderdale, FL 33309

Yo kapab bay KUMDC enfòmasyon sa yo:

- Sikolojik
- Edikatif
- Akademik
- Medikal
- Evalyasyon epi/oswa terapi lapawòl oswa
- Sèvis Travay Sosyal
- Evalyasyon epi/oswa terapi okipasyonèl (ègoterapi)
- Dosye sou sante konpòtmantal oswa mantal
- Dosye sou abi dwòg oswa abi alkòl
- Sendròm iminodefisyan Aki (SIDA)
- Lòt Evalyasyon/Rapò/Terapi (Presize)

Nenpòt nan pwen sa yo kapab objektif divilgasyon an:

- Konsiltasyon
- Jesyon
- Planifikasyon
- Evalyasyon/Etid
- Kowòdinasyon swen
- Lòt _____

Si nou mande enfòmasyon ki gen rapò ak: (1) Sendròm iminodefisyan Aki (SIDA) oswa Viris Iminodefisyans Imen (VIH); (2) tretman pou abi dwòg oswa alkòl; (3) sante mantal oswa konpòtmantal oswa swen sikyatrik, sof nòt sikoterapi oswa (4) tès jenetik. Li obligatwa pou nou gen yon otorizasyon sou fòm sa a, oswa yon lòd tribinal la paske enfòmasyon sa yo konfidansyèl.

Mwen gendwa pou retire fòm otorizasyon sa a nenpòt kilè pandan m ap fè moun k ap konsève dokiman yo, nan adrès ki site anlè a, konnen entansyon mwen genyen pou m retire otorizasyon sa a. Ou kapab fè sa pandan w ap voye fòm lan ki siyen epi ki gen dat tounen, epi ou kapab sèlman ekri “mwen retire otorizasyon an.” Sepandan, mwen konprann anilasyon sa a p ap gen okenn efè sou kèlkeswa enfòmasyon Keiser University te itilize deja anvan yo resevwa anilasyon mwen an alekri.

Otorizasyon sa a ekspire nan dat: _____ oswa, si li pa presize, yon lane apati dat dokiman sa a. Ou gen dwa pou verifeye epi resevwa yon kopi enfòmasyon nou pral itilize epi divilge selon fòm otorizasyon sa a.

_____ **Siyati moun nan, paran an oswa responsab legal la**

_____ Dat

Non moun nan, paran an oswa responsab legal la an lèt detache



Keiser University Multidisciplinary Center

Evalyasyon • Enstriksyon • Konsiltasyon • Rechèch

1900 W Commercial Blvd. Suite 100, Ft. Lauderdale, FL 33309
Website: <http://kumc.keiseruniversity.edu>

Telefòn: (888) 453-4737 x301
Facebook: @KeiserUMDC

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Avi sa a dekri fason nou ka itilize epi divilge enfòmasyon pèsònèl, akademik, sikolojik, medikal ak lòt enfòmasyon sou sante timoun an, epi fason ou ka gen aksè ak enfòmasyon sa yo. **Tanpri egzaminen li ak anpil atansyon epi kenbe l nan dosye w.**

Prezantasyon

Keiser University Multidisciplinary Center (KUMDC) ki nan Keiser University ap dirije evalyasyon ki sible sa a sou elèv ki gen laj pou lekòl entèmedyè ak lekòl segondè pou li kapab ede nan planifikasyon tranzisyon apre lekòl segondè ak rezilta apre lekòl.

Pèsònèl prensipal KUMDC a gen ladan l edikatè espesyalize epi ki otorize, òtofonis, sikològ klinisyen ak lòt analis konpòtman. Anplis, li gen pwofesè nan fakilte a ak pwofesyonèl ki soti nan Keiser University k ap bay konsiltasyon, epi ki patisipe nan reyinyon ekip entèdisiplinè a ki fèt chak semèn. Lè nou mete yo ansanm, nou deziyen atravè avi sa a tout antite ak pwofesè nan fakilte yo a, pèsònèl, elèv yo ak lòt estajyè kòm "KUMDC", "Gwoup," "nou," "nou menm," ak "pa nou an."

Avi sa a pral di w fason KUMDC ka itilize epi pataje enfòmasyon pèsònèl, akademik, sikolojik, ak enfòmasyon sou sante timoun ou an. Epitou, nou dekri dwa ak kèk obligasyon nou genyen sou fason n ap itilize epi divilge enfòmasyon pèsònèl, akademik, sikolojik ak enfòmasyon sou sante w (pi devan nan avi sa a, epi nou pale sou li kòm enfòmasyon pèsònèl ki sansib). Lalwa ekzije nou pou nou asire enfòmasyon pèsònèl ki sansib ki idantifye w rete prive; pou nou ba ou avi sa a sou responsabilite legal nou yo ak pratik konfidansyalite ki fèt nan respè enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an; epi pou nou respekte kondisyon avi sa a ki aktyèlman an vigè. Avi sa a aplike pou tout dosye ki gen rapò ak sèvis KUMDC bay timoun ou an.

Angajman nou pran konsèman enfòmasyon pèsònèl ki sansib ou an

Nou valorize konfyans ou fè nou pou nou bay timoun ou an sèvis evalyasyon ak entèvansyon. Jan sa di nan angajman nou pran pou nou bay bon jan pratik epi ki baze sou prèv, nou angaje nou pou trete tout enfòmasyon ou ba nou yo yon fason responsab. Nou pwomèt pou nou trete enfòmasyon pèsònèl ki sansib timoun ou an yon fason konfidansyèl, epi n ap aplike lwa ki aplikab sou konfidansyalite nan enfòmasyon pèsònèl ki sansib nou itilize pou nou fè yon evalyasyon pou timoun ou an, nan aktivite ansèyman nou yo, ak nan etid rechèch nou yo.

Kiyès ki pral respekte avi sa a:

Tout pèsònèl administratif ak pèsònèl KUMDC, pwofesè nan Keiser University, anplwaye, estajyè, etidyan, volontè ak lòt pèsònèl Keiser University lè y ap itilize epi divilge enfòmasyon pèsònèl ki sansib nan kad KUMDC a.

Ki kote n ap aplike avi sa a

Avi sa a aplike pou klinik KUMDC ak lòt manm ekip entèdisiplinè k ap kontribiye nan evalyasyon timoun ou an ak sipò pou entèvansyon.

Enfòmasyon nou kolekte

Nou kreye yon dosye sou enfòmasyon pèsònèl, sikolojik, edikatif, ak sou sante timoun ou an ak sèvis nou ofri timoun ou an atravè KUMDC. Nou bezwen dosye sa a pou nou kapab ofri timoun ou an bon jan sipò, ki baze sou prèv epi ki respekte lalwa. Nou itilize dosye sa a pou kolabore avèk pèsònèl lekòl la k ap travay avèk timoun ou an nan objektif pou ede li reyisi nan lekòl la. Epi tou, pou li gen siksè sosyal ak emosyonèl nan lekòl la. Nou konpile enfòmasyon yo pou fè rapò bay sous k ap finanse pou sèvis n ap ofri timoun ou an tou.

Kijan nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w

Kategori sa a dekri fason nou abitye fè sa, epi fason nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon pèsònèl ki sansib timoun ou an. Nou bay kèk egzanp pou chak kategori. Nou p ap site tout fason n ap itilize enfòmasyon yo nan yon kategori. Sepandan, tout fason nou gen otorizasyon pou itilize epi divilge enfòmasyon ap tonbe nan youn nan kategori sa yo.

Pou evalyasyon ak entèvansyon

Nou kapab itilize enfòmasyon pèsònèl ki sansib timoun ou an pou ba nou enfòmasyon ki pèmèt nou chwazi evalyasyon ak entèvansyon ki apwopriye, epi pou nou kolabore avèk lekòl timoun ou an. N ap pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib timoun ou an avèk pèsònèl lekòl la ak pèsònèl KUMDC ak manm ekip entèdisiplinè, etidyan, estajyè, oswa lòt pèsònèl ki enplike nan sèvis timoun ou an. Pa egzanp, si timoun ou an gen yon pwoblèm kote li pa kapab konsantre nou ka pale sou prezantasyon timoun ou an avèk pèsònèl lekòl la pou nou kapab konnen ki kalite evalyasyon ak entèvansyon yo te fè. Epi tou, nou ka egzaminen enfòmasyon yo avèk manm ekip entèdisiplinè a pou detèmine nenpòt evalyasyon anplis nou ka bezwen. Pwosesis ekip entèdisiplinè a jeneralman gen ladan l prezantasyon, pran yon desizyon, ak antant pou pwochen etap yo. Epi tou, n ap kreye yon modèl epi egzaminen l avèk etidyan ak estajyè yo pou eksperyans aprantisaj yo.

Epi tou, nou ka pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an avèk moun enpòtan ki pa nan KUMDC tankou pèsònèl lekòl la ki ka enplike nan swen eskolè oswa sosyal ak emosyonèl timoun ou an, oswa lòt pwofesyonèl swen sante, tankou doktè ki p ap travay pou KUMDC. Pa egzanp, ekip la ka sijere pou yon espesyalis fè yon evalyasyon anplis ki pa rantre nan kad sèvis nou yo, oswa ou ka vle pataje enfòmasyon sa yo avèk yon espesyalis ki pa nan KUMDC. Nan moman sa a, n ap pataje rekòmandasyon yo avèk ou, epi avèk bon jan otorizasyon w n ap pataje enfòmasyon sa yo avèk pwofesyonèl swen sante ki pa KUMDC a pou yo kapab bay timoun ou an yon èd anplis.

Pou rapò sou sous finansman

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon avèk sous finansman nou an. Nou ap retire enfòmasyon ki idantifye timoun ou an nan ansanm enfòmasyon sa yo. Pa egzanp, nou kapab di konbyen timoun n ap pran swen nan klinik la, kantite Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl nou reyalize, kantite izòlman ki diminye ak entèvansyon restriksyon yo itilize nan etablisman eskolè yo, elatriye.

Pou fonksyonman

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an pou nou kapab egzaminen fason pratik nou yo efikas. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an pou egzaminen evalyasyon ak sipò entèvansyon nou yo, epi pèfòmans pèsònèl nou an nan sèvis y ap ofri timoun ou an. Epi tou, nou ka pataje enfòmasyon yo avèk etidyan, estajyè, ak lòt pèsònèl pou yo egzaminen ak nan objektif aprantisaj. Nou ap retire enfòmasyon ki idantifye timoun ou an nan ansanm enfòmasyon sa yo. Konsa, lòt moun ka itilize l pou etidye sèvis nou ofri yo san li pa presize ki moun li ye.

Jan lalwa ekzije sa

N ap pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an lè lwa federal, eta a, oswa lokal mande pou nou fè sa, epi selon lwa ki pwoteje moun ak piblik la kont vyolans, abi ak move tretman. Pa egzanp, nan sitiyasyon kote nou sispèk gen abi oswa neglijan sou minè oswa moun ki defavorize, menas pou yo fè tèt yo oswa lòt moun mal, yon lòd tribinal, oswa yon sitasyon pou parèt devan tribinal pou dosye yo. Si nou ta fè nenpòt divilgasyon se pou ede anpeche oswa diminye yon sitiyasyon kote ki gen pwoblèm (pa egzanp, aplikasyon lalwa).

Sitiyasyon espesyal

Aktivite sou sante piblik

Nou ka pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an bay ofisyèl sante piblik ki otorize oswa bay ajans gouvènman etranje, si sa nesèsè pou li fèt nan objektif pou kenbe estatistik sou kèk maladi, epi pou pran desizyon nan kesyon politik sante piblik. Yon fwa ankò, nan sikonstans sa yo epi nan nivo sa posib selon lalwa n ap efase idantifyan pèsònèl ki espesifik pou timoun ou an.

Aktivite siveyans, lisans, akreditasyon ak regilasyon

Nou ka pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib bay ajans siveyans ki otorize pou yo fè odit, investigasyon ak enspeksyon etablisman nou yo. Se ajans gouvènman sa yo ki kontwole fonksyònman KUMDC, enstitisyon k ap bay lisans pou pwofesyonèl swen sante nan Florida, ak lwa sou dwa sivil. Epiou, nou ka pataje enfòmasyon ou yo bay nenpòt ajans k ap egzaminen fason nou fonksyone, tankou Konsèy Akreditasyon pou Ansèyman Siperyè.

Dwa ou genyen konsènan enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an:

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon pèsònèl ki sansib nou genyen sou timoun ou an:

Dwa pou verifye epi gen yon kopi

Ou gen dwa pou verifye epi jwenn yon kopi enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an nou ka itilize pou pran yon desizyon sou evalyasyon ak entèvansyon timoun ou an. Toutotan nou konsève enfòmasyon sa yo nan dosye nou yo. Pou w jwenn yon kopi enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an, tanpri ekri KUMDC nan adrès yo bay nan tèt dokiman sa a nan paj en (1). Si w fè demand yon kopi enfòmasyon an, nou ka chaje w yon frè, pou depans fè kopi, voye l pa lapòs oubyen lòt materyèl nou itilize pou reponn a demand ou an.

Jeneralman nou reponn demann ou an nan espas 30 jou si enfòmasyon yo nan etablisman an, epi nan espas 60 jou si yo deyò nan yon lòt etablisman. Si nou bezwen tan anplis pou n ka reponn, n ap avèti w pou nou eksplike w rezon reta a epi pou nou di w kilè w ka espere jwenn yon repons pou demann ou an.

Nan kèk sikonstans, nou ka refize demann ou fè pou verifye oswa jwenn yon kopi enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an (pa egzanp, dosye ki gen rapò ak patisipasyon timoun ou an nan etid rechèch ki konfidansyèl). Si nou refize demann lan, n ap ba ou yon avi refi alekri ki fè konnen rezon ki fè nou refize li a. L ap eksplike dwa ou genyen pou nou regade desizyon sa a ak fason ou kapab egzèse dwa sa yo, epi li gen ladan l enfòmasyon sou fason pou w depoze yon plent sou pwoblèm sa yo bò kote nou oswa nan ajans gouvènman an ki apwopriye.

Itilizasyon ak pataj enfòmasyon avèk otorizasyon alekri w

Nou ka bezwen gen otorizasyon alekri w anvan nou itilize oswa pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an pou lòt objektif, oswa pou pataje avèk lòt moun ki pa nan KUMDC. Epiou, ou ka mande nou pou transfere dosye w yo bay yon lòt moun. Ou kapab fè sa pandan w ap konplete yon fòm otorizasyon alekri. Si w ba nou yon otorizasyon alekri, ou ka elimine otorizasyon sa nenpòt lè, eksepte nan ka kote nou itilize l deja. Pou w elimine yon otorizasyon alekri, tanpri ekri KUMDC nan adrès ki nan dènnye paj dokiman sa a.

Dwa pou chanje

Si w kwè enfòmasyon nou genyen sou timoun ou an pa kòrèk oswa yo pa konplè, ou gen dwa pou mande nou chanje enfòmasyon yo, toutotan enfòmasyon yo rete nan dosye nou yo. Pou w mande yon modifikasyon, tanpri ekri KUMDC nan adrès ki nan dènnye paj dokiman sa a. Lè w ap fè demann pou chanjman yo, demann ou an dwe gen ladan l rezon ki fè w panse nou dwe fè chanjman an. Nou ka refize demann chanjman ou fè a si li pa alekri, oswa si li pa genyen yon rezon ki pou kore demann lan. Nan tan nòmal n ap reponn demann ou an nan espas 60 jou. Si nou bezwen tan anplis pou n ka reponn, n ap enfòme w alekri pou nou eksplike w rezon reta a, epi n ap di w kilè w ka espere jwenn yon repons final sou demann ou an.

Nou ka refize demann ou an si w mande nou chanje enfòmasyon nou pa t kreye; li pa fè pati enfòmasyon nou genyen yo; li pa fè pati enfòmasyon n ap otorize w pou verifye epi gen yon kopi; oswa li egzak. Si nou refize yon pati oswa tout demann ou an, n ap ba w yon avi alekri ki eksplike rezon nou genyen pou fè sa. Ou gendwa pou fè ajoute kèk enfòmasyon ki gen rapò ak demann modifikasyon w lan nan dosye ou a. Pa ekzanp, si w pa dakò ak desizyon nou pran pou refize yon chanjman, w ap gen opòtinite pou w soumèt yon deklarasyon ki eksplike dezakò w, epi n ap mete deklarasyon sa a nan dosye w la. Epitou, n ap ajoute enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent ban nou oswa nan ajans gouvènman ki apwopriye a.

Dwa pou gen yon rapò sou sa nou pataje

Ou gen dwa pou fè demann epi resevwa yon rapò sou sa nou pataje nan enfòmasyon pèsònèl ki sansib timou ou an pandan sis (6) lane ki vini anvan dat ou fè demann pou resevwa rapò a. Rapò an ap idantifye kèk lòt moun oswa òganizasyon nou te pataje enfòmasyon ou yo. Nenpòt rapò ou resevwa a ap gen ladan l enfòmasyon nou pataje sèlman. Li p ap gen ladan l fason nou itilize enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an.

Anplis, nou pa otorize pou nou bay yon rapò pou divilgasyon sa yo:

- Divilgasyon nou te fè ak ou oswa bay reprezantan legal ou;
- Divilgasyon nou te fè apre nou te fin jwenn otorizasyon alekri w la;
- Divilgasyon nou te fè pou trètman oswa operasyon komèsyal;
- Divilgasyon nou te fè bay moun ki patisipe nan swen ou, oswa pou lòt objektif notifikasyon;
- Divilgasyon ki te gen rapò sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an ki otorize;
- Divilgasyon nan kad rechèch, pou sante piblik oswa fonksyonman biznis kote yo te retire idantifikasyon an pati nan enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an, konsa li p ap kapab idantifye w dirèkteman;
- Divilgasyon pou sekirite nasyonal oswa ransèyman;
- Divilgasyon bay prizon oswa ajan lapolis sou moun ki gen responsabilite legal la;

Pou w mande yon rapò sou divilgasyon, tanpri ekri KUMDC nan adrès ki nan dènye paj dokiman an. Demann ou an dwe espesifye yon peryòd tan ki nan sis (6) ane ki pase yo pou divilgasyon ou vle nou mete ladan l lan. Ou gen dwa pou resevwa yon rapò chak peryòd 12 mwa gratis. Sepandan, nou ka mande w peye yon frè si w bezwen nenpòt rapò anplis. N ap toujou avèti w pou nenpòt frè sa ap koute, epi ou ka chwazi pou retire oswa modifye demann ou an nan moman sa a anvan nou mete nenpòt frè. Nan tan nòmal n ap reponn demann pou w jwenn rapò a nan espas 60 jou. Si nou bezwen tan anplis pou nou prepare rapò a, n ap fè w konnen sa alekri pou ba w rezon ki fè gen yon reta ak ki dat ou ka atann ou resevwa rapò a.

Dwa pou fè demann konfidansyalite anplis

Ou gen dwa pou ou mande nou pou nou limite pi plis fason n ap itilize epi pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an, pou nou kapab fè entèvansyon pou timoun ou an oswa pou mennen operasyon komèsyal nou an oswa avèk yon lòt antite swen sante. Epitou, ou ka mande pou nou limite fason nou pataje enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an bay moun ki enplike nan entèvansyon timoun ou an. Pou w fè demann yon restriksyon, tanpri ekri KUMDC nan adrès ki nan dènye paj dokiman an. Demann ou an dwe gen landan l (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) si w vle nou limite fason nou itilize enfòmasyon an, fason nou pataje l ak lòt moun, oswa toude; epi (3) sou kiyès ou vle nou aplike limit la. Nou pa toujou gen ekzijans pou nou aksepte demann pou restriksyon ou an (pa egzanp, restriksyon pou lekòl), epi nan kèk ka lalwa ka entèdi restriksyon ou mande a. Depi nou fin aksepte restriksyon an, ou gen dwa pou anile restriksyon an nenpòt kilè. Nan kèk sikonstans, nou ap gendwa pou nou anile restriksyon an tou. N ap mete w okouran lè nou fè sa.

Dwa pou mande kominikasyon konfidansyèl

Ou gendwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou enfòmasyon pèsònèl ki sansib sou timoun ou an nan yon fason ki pi konfidansyèl. Ou kapab fè sa pandan w ap mande pou nou kominike atravè lòt mwayen oswa nan yon lòt adrès. N ap reponn ak demann rezonab yo. Sepandan, li enpòtan anpil pou nou kapab jwenn ou nan telefòn. Ou kapab fè yon demann kominikasyon konfidansyèl nan telefòn, an pèsòn, oswa alekri pandan w ap ekri KUMDC nan adrès ki nan dènye paj dokiman an. Tanpri presize nan demann ou an kòman oswa ki kote ou swete nou kontakte w.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou rezève dwa pou chanje avi sa a. Nou rezève nou dwa pou fè chanjman oswa modifye enfòmasyon pèsònèl ki sansib nou genyen deja sou timoun ou an ansanm ak enfòmasyon n ap gen pou resevwa alavni. N ap afiche yon kopi avi sa a nan klinik nou an; avi an ap gen dat li rantre an vigè nan premye paj la.

Fason pou kontakte nou:

Si ou gen kesyon konsènan avi sa a, tanpri kontakte nou nan 855-231-9871 oswa

nan ku-mdc@keiseruniversity.edu

Tout korespondans n ap voye bay KUMDC dwe ale nan adrès sa a: Keiser

University Multidisciplinary Center

Graduate School

1900 W. Commercial Blvd., Suite 100

Ft. Lauderdale, FL 33309